ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
КЕГЕЙЛИ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ
ҚАРОРИ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
КЕГЕЙЛИ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ
ШЕШИМИ

230500, Кегейли шаҳарчаси Гарезсизлик кўчаси, 4 уй
тел.: (8 361) 412-24-39 факс: (8 361) 412-14-39

230500, Кегейли посёлкасы Гәрезсизлик көшеси, 4 жай
тел.: (8 361) 412-24-39 факс: (8 361) 412-14-39

15-апрель 2017-жыл №272-04 Кегейли районы

«Бозатаў» мәмлекетлик тоғай хожалығына қараслы тоғайзарларда өрттиң алдын алыў ҳәм оған қарсы гүресиўди күшейттириў илажлары ҳаққында

Районда экологиялық орталықты жақсылаў ҳәм тоғайзарларды көбейтиў, өрттиң алдын алыў.оған қарсы гүресиўди күшейттириў, Өзбекистан Республикасы «Тоғай ҳаққында»ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999й., 5-сон, 122-модда)ның 32-статьясына ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы «Тоғай ҳаққында»ғы Нызамының 35-статьяларына муўапық, район аймағындағы тоғайзарларды өрттен сақлаўды тәмийинлеў мақсетинде, Өзбекистан Республикасы «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Нызамының 6-статьясына муўапық

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. «Бозатаў» мәмлекетлик тоғай хожалығы тоғай фонды аймағында 2017-жыл 1-февралдан баслап 2017-жыл 1-сентябрине шекем «Тоғайзарларда өрт қәўипсизлиги мәўсими» деп белгиленсин.

2. Қарақалпақстан Республикасының «Тоғай ҳаққында»ғы Нызамының 39-статьясына тийкарланып район аймағындағы тоғайзарларда өрт қәўпиниң алдын алыў, ҳайўанатлар ҳәм өсимликлер дүньясын өрт қәўипинен қорғаў бойынша 2017-жылда исленетуғын тийкарғы ис-илажлар қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими (Қ. Нурымбетов), Бозатаў мәмлекетлик тоғай хожалығы (А. Ерназаров), өрт өшириў бөлими, тәбиятты қорғаў бойынша мәмлекетлик комитетиниң райондағы ўәкиллери, барлық ширкет хожалықлары, дара дийхан ҳәм фермер хожалықлары, аўыл пуқаралар жыйынлары баслықларына тоғайзарларда өрт қәўпиниң алдын алыў, ҳайўанатлар ҳәм өсимликлер дүньясын өрт қәўипинен қорғаў бойынша айқын илажлар белгилеў тапсырылсын.

4. Тоғайларда өрттиң пайда болыўына жол қойған аўыл хожалығы кәрханалары ҳәм фермер хожалықлары басшыларына қатаң интизамий шаралар көрилетуғынлығы ескертип өтилсин.

5. Тоғайларда пайда болған өрттиң себебин анықлаў ҳәм бул бойынша оператив хабарларды район ҳәкимлигине өз ўақтында жеткерип турыў

жуўапкершилиги «Бозатаў» мәмлекетлик тоғай хожалығы, барлық ширкет хожалықлары ҳәм де аўыл хожалығы кәрханалары басшыларына жүкленсин.

6. Кегейли районы ҳәкиминиң 2015-жыл 24-апрелдеги 221-04-санлы қарары «Кегейли турмысы» газетасы, 2015-жыл 30-апрель, 8-сан (6100) өз күшин жоғалтқан деп табылсын.

7. Усы шешим район ҳәкимлигиниң «Кегейли турмысы» газетасында рәсмий жариялансын ҳәм ҳәкимлик веб-сайтында жайластырылсын.

8. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы Қ.Нурымбетовқа жүкленсин.

9. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Кегейли районы
ҳәкими:- **М. Абдиров**

KO'SHIRMESI DURIS

Кегейли районы хәкиминиң
2017-жыл «15»апрель күнги
272-04-санлы шешимине
қосымша

Район аймағындағы тоғайзарларда өрт қәўипиниң алдын алыў, хайўанатлар хәм өсимликлер дүньясын орт қәўипинен қорғаў бойынша 2017-жылда исленетуғын тийкарғы ис-иләжлары

№	Иләжлардың атамасы	Орынлаў мүддети	Жуўапкерлер
1.	Район аймағындағы тоғайзарлықларда, пуқаралар арасында өрт қәўипсизлигин тәмийинлеў	Жыл даўамында	Қ.Нурымбетов, А.Ерназаров, хожалық басшылары
2.	Тоғайларға жақын, тоғайзарлықлар менен шегаралас жерлерде жайласқан атыз басларындағы шөплерди, жап-салмалардағы қамысларды өртеўди қадаған етиў хәм бул бойынша айкын иләжлар белгилеў	2017-жыл март	Ширкет хәм фермер хожалық басшылары
3.	Тоғайзарларда өрт қәўипиниң алдын алыў дәўиринде, байрам күнлери хәм дем алыс күнлери орынларда жуўапкер хызметкерлерден нәўбетшиликлер шөлкемлестириў	Жыл даўамында	Қ.Нурымбетов, А.Ерназаров, хожалық басшылары
4.	Тоғайзарларда өрт қәўипи пайда болған жағдайларда оны сапластырыў бойынша оператив түрде хәрекет етиў	Жыл даўамында	Қ.Нурымбетов, А.Ерназаров, өрт өшириў бөлими, айрықша жағдайлар бөлими, хожалық басшылары
5.	Тоғайларда өрт өшириў топарларын дүзиў хәм олардың тоғай өртин өшириўде оператив түрде хәрекет етиўин тәмийинлеў	Жыл даўамында	Қ.Нурымбетов, А.Ерназаров, өрт өшириў бөлими, айрықша жағдайлар бөлими, хожалық басшылары